


# SH. AYTMATOVTIŃ "JÁMIYLA" POVESTINDE KONFLIKT JASAW SHEBERLIGI

**Xojamuratova Shaydaxan**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.17206302

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 20-sentabr 2025 yil
Ma’qullandi: 23-sentabr 2025 yil
Nashr qilindi: 26-sentabr 2025 yil

**KEY WORDS**
*konflikt,syujet,epizod,povest*

**ABSTRACT**
*Bul maqala qırǵız jazıwshısı Sh.Aytmatovnıń eń belgili shıǵarması bolǵan "Jámiyla" povestindegi epizodlar hám ondaǵı konlikt máselelerin sóz etemiz.*

Ómirdiń dáslepki basqıshlarınan baslap,qarama - qarsılıqlar insan menen birge qádem taslaydı. Jaqsılıq hám jamanlıq, aq hám qara hardayım gúreste. Bul gúreslerdiń tiykarı bolsa kórkem ádebiyatta sáwlelenedi. Kókem ádebiyatta áyyemnen berli insanlardıń ármanları menen birge mashqalaları da bar. Bul mashqalalar kórkem ádebiyatta konflikt (qarama-qarsılıq ) sıpatında sáwlelenedi.

Konflikt - (latınsha soqliǵisiw) personajlardıń kórkem shıǵarma syujetinde kórkem sáwleleniwin tabatuǵın óz ara soqlıǵısıw hám gúresleri qaharman menen sirtqı ortalıq arasında yáki onıń ruhiyatında keshetuǵın soqliǵisiwlar,qarama - qarsılıqlar.

Konflikt kórkem shiǵarmada syujetti rawajlandiriwda eń áhmiyetli orindi iyeleydi.Hárqanday kórkem shıǵarmadaǵı syujet konflikt bolmasa rawajlanbaydi.[1:55] Konflikt syujet penen tıǵız baylanisli, sebebi,shiǵarmada konflikttiń boliwi - syujettiń rawajlaniwi, qaharmanlar taǵdiriniń sheshiliwi hám de waqiyaniń juwmaǵin keltirip shiǵaradi.Konflikt bar eken, shigarma tez pát penen rawajlanadi. Konflikt syujetti háreketke keltiredi.Avtor shigarma waqiyalarin baslamastan aldin, sol qaharmanlardiń obrazin aship beriwi lazim. Shiǵarmada obrazlardiń syujet dawamında òzgerip bariwi keskin konfliktti payda etedi.

Ózbek jaziwshisi Izzat Sultanniń pikiri boyinsha "Konflikt - syujettiń ózegi" esaplanadi. Syujetinde konflikt bolmaǵan shiǵarma tásirsheńlikke iye bolmaydi. Sebebi, onda turmistaǵi haqiyqatliqlar ashiq aydin súwretlenbeydi. Tek obrazlar soqligisiwi nátiyjesinde ǵana adamlardiń ishki dúnyasi toliq ashiladi. Konflikt pútkil shiǵarma syujeti hám mazmuniniń jónelisin támiyinleydi. Konfliktsiz syujet jasaw múmkin emes.

Konflikt 3 túrli kóriniske iye : birinshisi - shiǵarma qaharmanlariniń bir - biri menen soqliǵisip gúresiwi, ekinshisi - sirtqi ortaliq penen soqliǵisiwi hám úshinshisi - ózi menen ózi, yaǵniy ishki gúres.[2:109]Eger kórkem shiǵarma qarama - qarsiliqlarǵa qurilmasa, bunday shiǵarmaniń kórkemliligi joqari bolmawi bizge málim.Demek usı kózqarastan biz óz pikirimizdi Shıńǵıs Aytmatov dóretiwshiligi mısalında kórip shıqpaqshımız.

Biz keskin konflikt misalinda "Jámiyla"povestin analizlep shıǵayıq. Povesttegi basli qaharman Jámiyla bolip, ol aqkókirek,júda shoq hám de balalarsha pikirleytugin qiz sipatinda súwretlenedi. Jaziwshi shiǵarmada jas qiz Jámiylani ómirdiń awır mashaqatli kúnleri menen ushırastıradı. Jámiyla ele jas bolıwına qaramastan, ata- anasınıń raziliǵi menen Sadiqqa turmisqa shiǵadi. " Al biziń Sadıq ta jılqıshı bolıp júrip, jaylawdaǵı sharwalardıń toyında qız quwıwda Jámiylaǵa jete almay qalǵanına namıslanıp, onı alıp qashıp kelgenin esitken edim." [3:9] Nátiyjede bul epizod óz-ózinen konfliktte júzege keltirip otıradı. Jaziwshi povestte Jámiylanıń kúyewi Sadiqtiń zaman qisimi menen urisqa ketip qalǵanliǵin bayanlaw arqali konflikttiń boliwina jol aship beredi. "Úlkeni-Sadıq úyleniwden-aq ketti.Olardan urıstamız degen xat anda-sanda kelip turadı. Kishkene úyde apam menen onıń kelini ǵana qaldı.Ol ekewida azannan keshke deyin kolxozda.Kishkene apamdı awıldaǵılar talapker, bir tinbaydı dep aytatuǵın edi."Jámiyla jengemdi men ıqlasım menen jaqsi kóretuǵın edim.Bir jaǵı jeńgem bolsa,ekinshi jaǵınan qaraǵanda ol menen azıraq úlkenligi bolmasa qurdasım sıyaqlı edi.Ol da meni kishkene bala dep inisindey erkeletedi.[3:5] Povestte Jámiylanin júda gayratli, miynetkeshligin kóriwimizge boladi."Eki úydiń qozi - ilaǵin baqqan da, tezek terip otin ákeletuǵin da, balalarinan xabar - atar joq, apamniń qayǵi - muñin jeńilletetuǵin da sol edi". Bunnan biz Jámiylanin jas boliwina qaramastan miynetsuygish ekenin ańlaymiz.Povestte Seyit ,yaǵniy Sadiqtiń inisi arqali syujettiń ayqin túrde bayanlanǵanliǵin biliwimizge boladi. Sebebi,povest Seyittiń tilinen bayanlanadi.Povesttiń baslanıw syujeti Seyittiń ramkaǵa salinǵan súwreti menen baslanadı. "Hardayim men bir jaqqa saparǵa shıǵarda usı ápiwayı aǵash ramkaǵa salınǵan shaǵınıraq súwrettiń aldına kelip turaman.Mine, erten de awılǵa júrmekshimen.Súwretten qanday da bir sátli sapar tilegendey kópke shekem kóz almayman. Usı waqıtqa shekem men bul súwretti hesh bir kórgizbege de bergenim joq. Kerek dese awıldan kelgen tuwısqanlarımnıń kózinen de tasalap jasırıp qoyaman." [3:3] Uristiń boliwi jámiyetke jùda jaman tásirin tiygizdi.Oniń ayqin dálili sipatinda stanciyaǵa er jigitler bolmay Jámiyla sıyaqlı hayal - qızlar menen danniń tasılıwı, yaǵnıy uristaǵi jawingerler ushın aziq - awqattıń jetkeriliw halatların kóremiz. Brigadir Orazimbet stanciyaǵa dánniń jetkerilliwi ushin Seyitti hám de jeńgesi bolǵan Jámiylani da arba aydap, dán tasiw ushin alip ketedi.Jámiylaniń enesi sonsha qarsiliq bildiredi:" Sizlerdiń ondaylarińa barmaydi ol. Qudaydan qorqsañizlar ǵoy! Nashar adam qashan arba aydap edi".[3:6] Biraq brigadir Orazimbettiń ayqani bolip Seyit hám Jámiyla arba aydawǵa ketpekshi bolǵanda brigadir:"Báybishe qorqpay - aq qoyińiz, Seyit turǵanda oniń ústine, anaw jańadan tabilǵan Dániyardi qosip bereyin : ózińiz bilesiz ǵoy oniń adamǵa ziyani joq biyshara...."[3:8] Solay etip uristan mayip bolip kelgen Dániyardi Jámiyla menen Seyittiń qasina qosadi.Povestte Dániyardiń payda boliwi syujettiń bunnan da rawajlanıwına tiykar boladı. Kóp kúnler dawamında olar stanciyaǵa júk yaǵnıy azıq-awqat tasiydi.Jámiyla dáslepki waqitlarda Dániyardi ermek qilatuǵın edi: "Bir waqıtta Jámiyla meniń búyirimnen túrtip, Dániyarǵa qaray kózin qısıp, kúlip qoydı. Dániyar arbanıń ústinde turǵan eken. "Bunı ne qılsam eken? degendey jańaǵı úlken qanardıń ol jaq, bul jaǵına qarap, Jámiylanıń kúlkige buwlıǵıp atırǵanın kórgende, birden tomsırayıp túnerip sala berdi. Sınap turganımızdı bilgen siyaqlı. - Áy, sen,shalbarińdi joqariraq kóter, sipirilip túsip ketpesin !"dep kúletuǵin edi.[3:31] Jámiylanıń bul oyın gápin Dániyar kótere almadı. Kún boyı úndemedi. Jámiyla jas bolıwına qaramastan júda shoq edi. Ol Dániyardın kewlin kótermekshi bolıp qosıq ta ayttı: " Aytqanday Jámiyla tınısh otırǵan joq, aqırında dawsın shıǵarıp qosıq aytıp jiberdi. Jámiyla qalayda bolmasın

Dániyardıń kewilin alıp qayǵısın pásenletiwdi oylaǵan shıǵar.Geyde adamlar birinikin biri keshirmekshi boladı, biraq soǵan da bolar - bolmas túrtki kerek ǵoy. Bálkim Jámiylaǵa usınday oy keldi me, ol bar ıqlası menen, bar ónerin salıp, sıńǵırlaǵan dawısı menen kewilli qosıq ayttı.

**"Shayı oramal bir tartım,**

Qasımda júrsen sadaǵam..." degenge usaǵan qosıqlar Jámiylada tolıp atır."[ 3: 38] Waqittiń ótiwim menen Jámiyla Dániyardi ermek qiliwdi toqtatti. Kóp kúnlerden soń olardiń bir- birlerine kózqaraslari ózgeredi. Eki jas júreklerdiń ortasında bir - birine hám jasawǵa hám birge bolıp, waqıt ókeriwge degen qálewleri asıp bara beredi. Shigarmada Dániyar jol boyi hárkúni stanciyaǵa baratırıp qosiq aytip baradi hám oniń sırǵa tolı jaǵimli dawisi Jámiylaǵa ráhat baǵishlaytuǵin edi. " Dániyardıń hawazı usı waqıtta túngi ózektiń ustinde esitilip, kóz ilinip uyqiǵa ketip baratırǵan keń dalanıń besigin háyyiwlep terbetkendey alısqa sozılıp uzańqirap ketedi." [3:41]

Waqitlar ótip povestte keskin burilis yaǵniy keskin soqliǵisiw júz beredi. Olardiń bir-birine degen muhabbati oyanadi. Olar bir - birin kórmese waqıt ótpeytuǵınday seziledi." Men olarǵa qarap Jámiyla menen Dániyardı sheksiz baxıtqa bólengen adamlar edi, - deymen.Awa onıń birewi kózi qarańǵıda ottay janǵan, gónergen soldat kóyleginiń jaǵası qayrılıp, keń dalanı basına kóterip, qosıq aytıp kiyatırǵan Dániyar edi.

Awa onıń birewi Dániyarǵa erkelep ses-sebepsiz qushaqlap otırǵan meniń jengem Jámiyla edi."[3:54] Seyit bolsa, Dániyar menen Jámiylaniń portretin siziwi arqali konfliktti keltirip shiǵaradi.Bul portretti kórgen Jámiyla tolqinlanip balalarsha minez - xulqı menen kúyewi Sadiqqa opasizliq qilip syujetti túpten ózgertip jiberedi. Povesttiń sońinda Jámiyla Dániyar menen qaship ketedi. Demek, Jámiylaniń óz erki menen emes, ata -anasiniń aytqani menen Sadiqqa turmisqa shiǵiwi hám de uris qisimi menen Sadiqtiń urisqa ketiwi, Dániyardi ushiratiwi arqali keskin konflikt júzege kelgen.

Povestti basqa shiǵarmalar menen salistiratuǵin bolsaq, XIX ásirde jasaǵan qaraqalpaq klassik shayırı Berdaqtin "Aqmaq patsha", dramaturg Á. Ótepovtiń "Teńin tapqan qiz" hàm basqa da shiǵarmalar óz qunliliǵi menen óz dáwiriniń shıǵarmalarınan keskin ajiralip turadi.Joqaridaǵi aytip ótilgen shigarmalardiń bárshesinde hayal -qizlardiń teńsizligi súwretlengen. Biraq bul shiǵarmalarda óz nápsiniń qurbani bolǵan baylardiń hújdansizlaǵi sebebinen hayal -qizlardiń huqiqlari qorǵalmaǵan. Al, Sh. Aytmatovtiń "Jámiyla"povestinde bolsa, uristiń qisimi menen ómirlik joldasiniń urisqa ketiwi hám oǵan degen muhabbatiniń bolmawi sóz etiledi.Biraq bul shiǵarmalardiń hámmesinde qaharmanlar óz maqsetine erisedi.

Juwmaqlap aytatuǵin bolsaq, biz Jámiyla obrazi arqali opasiz hayaldi emes, álbette, hayal - qizlardiń óz erki, óz teńi menen qosilgan hayal obrazin kóriwimizge boladi. Insan ómir gúzarına bir márte keledi.Bul dáwirde ómirden lázzet alıp ózi qálegen insanı menen turmıs qurıwı ómirin ele de gozzal etedi. Hár bir insan óz súygen yarı menen baxıtlı bolıwǵa, mazmunlı ómir súriwge haqılı.

## Paydalanilǵan ádebiyatlar:

1. Jarimbetov Q, Saǵidullaeva J " Ádebiyattaniw teoriyasi" Nókis. Qaraqalpaqstan. 2020
2.Sulton Izzat "Adabiyot nazariyasi "Toshkent. 2005
3.Aytmatov Sh. " Jámiyla " Tashkent. Ziyo nashr. 2020.